

Pou Piblikasyon Imedya: 07/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EKSPANSYON SANT JAVITS LAN KI KOUTE 1.5 MILYA DOLA A AP ACHEVE KONSIDERABLEMAN BÒ MAS 2021

Sipè-estrikti an Beton yo Acheve, Enstalasyon Faz Final Asye Non-Estriktirèl yo Ankou - Pwojè Konsepsyon-Konstriksyon an Atan sou Bidjè a

Fwa sou Mèb Kontanporen Entènasyonal la ak Fwa sou Ekleraj la ap Premye evènman yo òganize nan Sant Javits ki Agrandi a, yo Prevwa Atire Plis Pase 40,000 Pwofesyonèl nan Konsepsyon

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke ekspansyon istorik Sant Javits lan (Javits Center) ki koute 1.5 milya dola a pral acheve konsiderableman bò Mas 2021. Gwo pwojè sa a, ki pral ajoute 1.2 milyon pye kare espas total ki gen rapò ak evènman sou Kote Lwès (West Side) Manhattan lan, ap avanse pou acheve atan, sou bidjè a avèk sipè-estrikti an beton ak asye ekspansyon an ki fini epi instalasyon faz final asye non-estriktirèl yo ankou. Gouvènè a rejwenn manm ekip pwojè a ak travayè konstriksyon yo pou siyen youn nan dènye pout an asye yo ap enstale nan sit la. Agrandi Sant Javits lan, sant konvansyon ki plis okipe nan Etazini an, fè avanse efò Gouvènè Cuomo yo pou kontinye wòl Vil New York kòm yon destinasyon prensipal pou tourism, ospitalite ak bizinis. Premye evènman yo òganize nan sant konvansyon yo apèn agrandi a pral Fwa sou Mèb Kontanporen Entènasyonal (International Contemporary Furniture Fair, ICFF) la ak Fwa sou Ekleraj (LightFair) konjwen an Me 2021. Yo prevwa ke evènman konbine endistri konsepsyon yo an ap atire plis pase 40,000 pwofesyonèl sou konsepsyon nan Vil New York.

"Nouyòkè yo atann yo ak aksyon, epi ekspansyon Sant Javits lan atravè pwosesis konsepsyon-konstriksyon an ap bay rezilta nan yon fason ki an sekirite, ki rasyonèl ki pral jenere yon nouvo vag aktivite ekonomik pou Empire State lan", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Avèk sitèlman djòb ki depann de gwo evènman yo òganize isit la, Sant Javits lan te vini youn nan atou ekonomik ki plis enpòtan pou New York yo, epi ekspansyon sa a pral asire ke li rete sant konvansyon ki plis okipe nan nasyon an pandan jenerasyon ki ap vini yo. Kòm yon sant kòmèsyal ak kiltirèl anblematik, li pral vini youn nan kote pou evènman yo plis ap chèche nenpòt kote nan monn lan."

Ankouraje ekipman modèn ak teknoloji depwent, Sant Javits ki agrandi a sou Kote Lwès Manhattan lan pral prezante 50 pousan plis espas devan bilding ak dèyè bilding yo, gen ladan nouvo espas sal reyinyon ak ekspozisyon yo, yon paviyon twati an vit ak yon batiman pou rasanble kamyon ki pral akselere operasyon evènman yo epi redwi konjesyon nan sikilasyon an. Gras ak pwosesis konsepsyon-konstriksyon an ak planifikasyon ak kowòdinasyon ki kòrèk, pwojè ki koute 1.5 milyon dola a atan epi sou bidjè a, avèk achèvmman konsiderab bò Mas 2021.

Premye evènman yo ap òganize nan Sant Javits yo apèn agrandi a pral yon Fwa sou Mèb Kontanporen Entènasyonak ak Fwa sou Ekleraj, mwa pase a [ki te angaje li](#) pou ko-reyalize evènman yo nan Javits an 2021, 2023, 2025, 2027 ak 2029. Ankouraje plis pase 600 ekspozan ki kouvri founiti, syèj, kapèt, planche, ekleraj, tekstil, ak plis ankò, Fwa sou Mèb Kontanporen Entènasyonak la se premye platfòm pou konsepsyon global nan Amerik Dinò. Fwa sou Mèb Kontanporen Entènasyonak la ap atire ekspozan ki soti nan 35 peyi ak yon oditwa plis pase 14,000 achitèk, konseptè enteryè, distribitè ak detayan vizyèl yo. Menm jan an, Fwa sou Ekleraj la se pi gwo salon pwofesyonèl ak konferans sou ekleraj komèsyal ak achitektiral anyèl, ki atire plis pase 500 ekspozan ak 175 konferansye prezantatè. Patisipasyon nan Fwa sou Ekleraj la atenn plis pase 28,000 konseptè, espesifikatè, achitèk ak enjenyè sou ekleraj ki soti nan plis pase 70 peyi. Yo prevwa ke Fwa sou Mèb Kontanporen Entènasyonak/Ekleraj la ap atire plis pase 40,000 patisipan nan Sant Javits ki agrandi a.

Sipè-estrikti an beton ak asye pwojè ekspansyon an enstale totalman, epi tout travay asye ak beton yo prevwa fini bò Mas 2020, egzakteman twa ane aprè [lansman](#) pwojè a. An total, yo te fabrike 13,940 tòn asye. Lè li acheve, Sant Javits ki agrandi a pral prezante plis pase 200,000 pye kare nouvo sal reyinyon ak espas pre-fonksyonèl, gen ladan 54,000 pye kare pou evènman espesyal — ki se espas evènman ki pi gwo nan kategori sa a nan Rejyon Nòdès la. Tout nouvo espas rankont ak egzibisyon yo pral ekipe avèk dènye teknoloji nan aparèy ekleraj, sistèm chofaj ak refwadisman yo ak konektivite san fil. Plis enpòtan ankò, Sant Javits ki apèn agrandi a pral prezante 500,000 pye kare kontigi pou espas evènman, sa ki pral ede batiman an atire konferans biznis entènasyonak.

Pwojè a ke Gouvènè Cuomo ak Empire State Development dirije a, pral kreye jiska 6,000 nouvo djòb, jenere prèske 400 milyon dola nan aktivite ekonomik anyèl anplis ak atire plis evènman ki gen siksè yo soti nan tout monn lan, gen ladan konferans biznis ki gen gwo enpak yo, gala sou lansman pwodwi yo ak levefon yo. Pwojè a fè pati plan pou tout Eta Gouvènè Cuomo a pou amelyore enfrastrikti ak etablisman transpò enpòtan yo pou ankouraje kreyasyon djòb ak aktivite ekonomik.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development, Eric Gertler te deklare, "Sant Javits la se youn nan pi gow sipòtè endistri otèl, restoran, touris ak transpò New York yo, epi ekspansyon sa a pral asire ke koneksyon sa a rete solid. Gras ak lidèchip Gouvènè Cuomo ak pwosesis konsepsyon-konstriksyon inovan an, konstriksyon te avanse ak yon rit rapid — nan kenbe gwo pwojè sa a sou bidjè a ak atan pou bay yon elan ekonomik reyèl ak Empire State".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Fonksyonman Sant Konvansyon New York la, Alan Steel, te deklare, "Evènman yo nan New York pap janm menm lan ankò, gras ak ekspansyon san parèy sa a nan kè pi gwo vil nan monn lan. Sant Javits la se yon espas inik kote lidè biznis ak kiltirèl yo ki soti nan tout monn lan vini ansanm pou pataje ide yo ki fè sosyete nou yo avanse. Avèk konstriksyon plis pase 1 milyon pye kare nouvo espas, bilding sa a pral atenn vrè potansyèl li kòm yon motè ekonomik pou Empire State la pandan li ap amelyore kalite lavi pou vwazen nou yo".

Nan kad pwojè ekspansyon an, yo pral bati yon batiman pou rasanble kamyon ki gen kat nivo, sa ki ap relocalize plis pase 20,000 kamyon ki gen rapò ak evènman lwen ri ki toupre yo chak ane pandan sa ap redwi konjesyon ak polisyon nan zòn lan. Adisyon 27 nouvo platfòm pou chajman yo pral ogmante efikasite peryòd amenajman ak demenajman pou evènman yo, sa ki ap kreye plis espas nan kalandriye a pou evènman anplis yo. Bati sou siksè twati vèt ki mezire 2.73 ekta sant konvansyon an, yo pral konstwi yon fèm twati ki mezire zewo vigil katsan kat ekta, ki se pi gwo nan kategori li a nan Manhattan, epi yo pral kiltive jiska 40,000 liv pwodwi chak ane epi yo pral enkòpore yo nan manje yo sèvi nan sit la. Lè li acheve, yo prevwa ke Konsèy Batiman Vèt Etazini (U.S Green Building Council) an pral sètifye pwojè a LEED Ajan (LEED Silver), menm sètifikasyon avèk bilding aktyèl la.

Yon patenarya Lendlease ak Turner ap dirije konstriksyon pwojè ekspansyon an avèk sèvis konsepsyon ke tvsdesign bay yo. Nan somè aktivite pwojè a, plis pase 3,000 travayè konstriksyon pral travay sou sit konstriksyon an nan ekstremitè nò kanpis la. Pi gwo pwen enpòtan pwojè konstriksyon an jiska prezan gen ladan:

- Yo Fin bati totalman ekspansyon sipè-estrikti an beton ak asye yo, epi travay beton ak asye non estriktirèl final yo an kou.
- Yo ap enstale pano an vit ki adapte pou zwazo yo, sa ki bay vi sou twati vèt sant konvansyon an, devlopman Hudson Yards la ak Rivyè Hudson (Hudson River) lan; ak
- Tout travay fondasyon ki adjasan ak Tinèl Lincoln te acheve san ensidan dirèkteman sou de tib fonksyonman pou tinèl la ki konekte New York ak New Jersey a, yon gwo eksplwa enjeniri pou ekip konsepsyon ak konstriksyon an.

Youn nan kle pou siksè gwo pwojè ekspansyon an se asire ke Sant Javits lan rete ouvri pou biznis toutan pandan konstriksyon an epi ke operasyon kodidyèn yo pa afekte negativman. Pèmèt operasyon ki gen rapò ak evènman yo kontinye san entèripsyon se yon temwanyaj sou bon jan kolaborasyon ant ofisyèl Eta a yo, achitèk yo, antreprenè yo, anplwaye sant konvansyon yo ak pwodiktè evènman yo. Lehrer Cumming ak AECOM/Tishman Construction ap sèvi kòm konseye pwojè ak konsiltan pou Kòporasyon Devlopman Sant Konvansyon New York (New York Convention Center Development Corporation) la, yon filyal Empire State Development ki ap sipèvizè pwojè a. Devlopman yon nouvo batiman transfòmètè, ke AECOM/Tishman Construction ap dirije, ap kontinye tou. Estrikti ki gen twa etaj sa a bay aktyèlman enèji ak batiman aktyèl la epi li pral bay enèji ak sant konvansyon ki agrandi a lè li acheve.

Gran pwen pwojè ekspansyon gen ladan:

- Nouvo antre an vit sou 11th Avenue nan 38th Street;
- Kreyasyon 500,000 pye kare espas ekspozisyon kontini sou yon nivo avèk adisyon 90,000 pye kare espas ekspozisyon prensipal;
- 107,000 pye kare nouvo espas sal reyinyon, gen ladan 54,000 pye kare pou espas evènman espesyal, pi gwo espas konsa nan Rejyon Nòdès la;
- 113,000 pye kare pou espas pre-fonksyon;
- Paviyon twati ak teras ki ka akomode 1,500 moun;

- 480,000 pye kare, batiman pou rasanble kamyon ki gen kat nivo;
- 27 nouvo platfòm pou chajman; ak yon
- Yon fèm twati ki mezire zwo vigil kat san kat ekta.

Prezidan Minisipalite Manhattan lan, Gale A. Brewer, te deklare, "Anons jodi a make ankò yon lòt gwo pa pou evolisyon Kote Lwès awondisman nou an, nan bay anpil espas pou kominotè ak evènman nesèsè epi estimile ekonomi vil la. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan mennen pwojè sa nan liy final la epi asire ke New York kontinye rete nan tèt".

Senatè Brad Hoylman te deklare, "Plis pase 2 milyon moun ki soti nan tout monn lan vizite Sant Javits lan chak ane, sa ki mennen pwogram pasyonan ak aktivite ekonomik pou Kote Lwès Manhattan. Renovasyon nan Sant Javits lan pral kreye jiska 6,000 nouvo djòb epi asire ke espas sa a se yon pati vibran Vil New York pandan plizyè deseni ki ap vini yo, gras ak lidèchip Gouvènè Cuomo, Komisè Pwovizwa Empire State Development, Gertler, ak Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Sant Javits lan Alan Steel. Mwen pa ka tann pou wè vil nou an ki ap akeyi plizyè milye vizitè nan Sant Javits ki apèn renove a an 2021".

Prezidan AFL-CIO Eta New York, Mario Cilento, te di, "Anons jodi a se jis yon lòt egzanp lidèchip Gouvènè Cuomo nan ankouraje devlopman ak kwasans modèn atravè Eta a. Pwojè a genyen epi li pral kontinye bay plizyè santèn fanm ak gason ki travay di New York yo djòb ki byen peye epi li pral kontinye transfòme Kote Lwès Manhattan lan".

Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon ak Batiman Rejyon Metwopolitèn New York (Building & Construction Trades Council of Greater NY), Gary LaBarbera, te deklare, "Gras ak Gouvènè Cuomo, pwojè inovan sa a genyen epi pral kontinye sipòte djòb sendikal solid yo pou travayè New York yo epi li pral kontinye mennen anpil espas pou kominote nesèsè nan Kote Lwès la. Konsèy Metye Konstriksyon ak Batiman Rejyon Metwopolitèn New York la pa ka tann pou wè ekspansyon Sant Javits lan atravè achèyman li a".

Vis Prezidan Egzekitif Emerald Expositions, ki posede epi opere Fwa sou Mèb Kontanporen Entènasyonal la, Gannon Brousseau, te deklare, "Etann Sant Javits lan nan kè Vil New York pral rann li youn nan kote ki plis dezirab nan peyi a, epi nou aplodi Gouvènè Cuomo ak ekip li a pou vizyon anbisye yo a. Nouvo espas yo pral pèmèt ICFF la divèsifye òf li yo epi sèvi kòm yon sant resous ki gen plizyè disiplin pou Amerik Dinò".

Direktè Salon Fwa sou Ekleraj la Dan Darby te deklare, "Sant Javits lan se kè endistri evènman an nan New York, epi gras ak lidèchip Gouvènè Cuomo, ekspansyon san presendan li a pral pèmèt endistri nou an grandi nan fason ki nouvo ak pasyonan. Nou pa ka tann pou itilize espas amelyore sant lan yo ak enstalasyon li yo pou prezante yon eksperyans Fwa sou Ekleraj ki fasinan ak enspiran pou tout patisipan nou yo".

Enfòmasyon sou Sant Javits

Yo konnen li kòm "Mache Monn lan", se I.M. Pei & Partners ki te konsevwa Sant Javits lan, epi li te ouvri an 1986. Batiman anblematik la te vin tounen espas evènman prensipal nan Vil New York pou fè gwo konvansyon yo, ekspozisyon komèsyal ak

evènman espesyal yo, epi li sèvi kòm syèj pou anpil nan 250 pi bon ekspozisyon komèsyal, ki ap resevwa plizyè milyon vizitè chak ane. Gwo evènman sa yo pral jenere plis pase 2 milya dola nan aktivite ekonomik anyèl pou Vil New York ak Eta New York, nan sipòte jiska 18,000 djòb nan ak ozalantou batiman an. Sitiye nan 11th Avenue ant West 34th Street ak West 40th Sts. nan Manhattan, Sant Javits lan gen 760,000 pye kare espas ekspozisyon, 102 sal reyinyon ak kat sal resepsyon, ansanm ak yon pakèt sèvis teknoloji, gen ladan aksè ak WiFi. Pou plis enfòmasyon, vizite www.javitscenter.com.

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)